



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 143 MILYON DOLA ENVESTISMAN NAN PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO ENPÒTAN ATRAVÈ ETA NEW YORK

*Apwobasyon asistans finansye otorize aksè minisipal nan kapital ki nesèsè pou pwojè ki pare ki diminye risk sante piblik ak anviwònman an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 143 milyon dola nan asistans finansye pou sèt pwojè amelyorasyon enfrastruktir dlo yo, dènye mezi ke yo pran pou amelyore sistèm dlo ak egou New York yo, diminye polisyon dlo, epi pwoteje rezèv dlo potab ki enpòtan anpil yo. Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) Eta New York la te apwouve finansman nan pri ki ba epi te deja anonse sibvansyon ki otorize aksè minisipal yo nan kapital ki nesèsè pou jwenn pou kòmanse travay pou pwojè dlo potab ak egou enpòtan nan Vil New York ak rejyon Finger Lakes, Mid-Hudson ak North Country.

"Finansman ak sibvansyon nan pri ki ba sa yo se eleman debaz pou minisipalite yo modènize ak pwoteje enfrastruktir dlo enpòtan yo", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Administrasyon mwen an pral kontinye abòde pwoblèm dlo pwòp tèt pou tèt ak investisman estratejik ki pral benefisye Nouyòkè yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) la ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmman ak pwogram Amelyorasyon Enfrastruktir Idwolik (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA) la.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal Eta New York la, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Investisman enfrastruktir 143 milyon dola sa a pral bay dlo ki pi pwòp, ki pi an sekirite, pandan y ap ekonomize lajan kontribiyab yo epi kreye travay ki byen peye. EFC kontan travay ak patnè nou yo nan gouvènman eta a pou l bay finansman ki rann pwojè enpòtan sa yo posib."

**Prezidan Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la, Basil Seggos, te deklare,**

"Investisman nan enfrastruktir dlo enpòtan pou pwoteje kominote yo kont polisyon dlo ki menase sante piblik ak anviwònman an. DEC gen chans pou l travay sere ak

Gouvènè Hochul ak EFC pou ede minisipalite yo fè pwojè enpòtan sa yo vin reyalye epi li espere pou l bati sou inisyativ sa yo ak plis sipò nan Eta Leta ane sa a."

**Komisyonè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, Doktè James V.**

**McDonald, te deklare,** "Dènye investisman sa a yo pou amelyore dlo potab ak amelyore pwojè egou yo se yon eleman enpòtan nan efò pou pwoteje sante piblik ak ankouraje kominote ki an sante yo. Mwen remèsye Gouvènè a pou angajman kontinyèl yo pou ranfòse enfrastrikti dlo Eta a epi mwen espere kontinye patenarya nou avèk Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation EFC) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) pou asire aksè ak dlo ki pi an sekirite ak pi pwòp nan tan lavni."

**Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Enfrastrikti dlo pwòp bay fondasyon kote New York ap bati kominote ki an sante, dirab ak fleksib. Investisman sa yo pral amelyore kalite dlo pandan y ap pwoteje sante piblik, kalite lavi, entegrite anviwònmanal ak devlopman ekonomik pou jenerasyon Nouyòkè k ap vini yo."

**Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo apwouve:**

1. **Vilaj Penn Yan nan Konte Yates** - 167,500 dola finansman akoutèm san enterè, 132,750 dola sibvansyon WIIA ak 132,750 dola sibvansyon CWSRF pou amelyorasyon dezenfeksyon nan izin tretman dlo ize a.
2. **Vilaj Philadelphia nan Konte Jefferson** - 774,320 dola finansman akoutèm san enterè ak 625,680 dola finansman akoutèm nan to mache a pou amelyorasyon dezenfeksyon nan izin tretman dlo ize.

**Finansman Pwojè Dlo Potab yo apwouve:**

1. **Otorite Finans Dlo Minisipal Vil New York (de pwojè)**

1. 100,000,000 dola finansman akoutèm nan to mache a pou fouye ak konstwi Pui 17B-1 ak 18B-1 nan City Tunnel No. 3 nan Queens pou bay redondans pou sistèm dlo vil la ansanm pou pèmèt pi bon kontwòl ekoulman ak jesyon nan sistèm dlo a.
2. 22,000,000 dola finansman akoutèm nan to mache a pou fè konsepsyon epi konstrui Izin Filtrasyon Dlo Croton lan ak enstalasyon ki asosye yo.

1. **Vilaj Harriman nan Konte Orange (de pwojè)**

1. 538,551 dola sibvansyon WIIA pou enstale yon sistèm tretman kabòn aktif granilè pou retire kontaminan emèjan yo nan Pui No. MH-1A.
2. 284,955 dola sibvansyon WIIA pou enstale apeprè 600 pye lineyè kanalizasyon dlo an font diktil ki mezire 8 pye apati sistèm distribisyon ki egziste a ki sitiye sou Harriman Heights Road rive Well HH #3.

1. **Vilaj Watkins Glen nan Konte Schuyler** - 13,500,000 dola finansman akoutèm san enterè, 3,000,000 sibvansyon DWSRF, ak 2,000,000 dola sibvansyon WIIA pou yon nouvo admisyon pou depistaj, nouvo estasyon ponp pou dlo kri, nouvo filtè a presyon nan izin tretman dlo a, amelyorasyon nan filtè ki egziste deja, ak drenaj souteren nan izin tretman dlo a, yon nouvo tank estokaj ki kenbe apeprè 500,000 galon, amelyorasyon tank estokaj ki deja egziste, ranplasman apeprè 40,000 pye lineyè kanalizasyon dlo ak amelyorasyon nan sistèm SCADA nan izin tretman dlo a.

New York kontinye ogmante investisman li nan pwòje enfrastrikti dlo pwòp. Dènyèman, nan ajanda Eta Leta 2023 a, Gouvènè Hochul te angaje l pou l investi 500 milyon dola nan finansman dlo pwòp nan bidjè li a k ap vini an, sa ki mennen investisman total New York nan enfrastrikti dlo pwòp la nan 5 milya dola. Pou eksplwate investisman sa yo epi asire kowòdinasyon ki kontini ak gouvènman lokal yo, Ekip Asistans Kominotè a pral fè sansibilizasyon ki pwo-aktiv pou ti kominote riral epi ki defavorize yo epi ede yo jwenn aksè nan èd finansye pou reponn a bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo.

Anplis de sa a, avèk apwobasyon votè yo pou 4.2 milya dola Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) nan novanm nan, gen plis nivo finansman istorik pou mete ajou enfrastrikti dlo ki aje epi pwoteje kalite dlo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan investi omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)